

Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 84  
Document Title: Chimen yon fanmi ak lalwa  
Document Date: 1995  
Document Country: Haiti  
Document Language: Creole  
IFES ID: CE00803



\* 5 8 1 6 1 A 7 7 - D O A O - 4 3 E A - 8 7 6 7 - A 8 A 3 8 9 4 0 5 0 C 6 \*


Cabinet de Consultation,  
de Formation  
et d'Assistance Légale

# Chimen yon fanmi ak lalwa

Ti liv pou fòmasyon fanm  
sou lalwa peyi yo

*Liv # 2*

Nadine Perrault et Françoise Bouzi Bonhomme (Avocat)  
Membres Fondateurs de COFAL - Publication COFAL - avec appui du CIFD  
Juin 1995






## *Chimen yon fanmi ak lalwa*

### **BI FOMASYON AN**

- Ede tout moun konnen lwa peyi d' Ayiti sou kesyon fanmi spesyalman sou zafè maryaj ak sou zafè fè pitit.
- Konprann diferans lalwa fè ant fanmi ki bati nan maryaj ak fanmi ki bati sou lòt baz.
- Pèmèt rekonèt sa ki merite chanje nan lwa ki regle koze fanmi yo.



## ENTWODIKSYON

“Tout moun fèt pou konnen lalwa”, se sa pawòl la di. Pawòl la te pale konsa paske nan tout aktivite yon moun ap menmen, nan tout zak konsekan yon moun poze nan vi li, li jwenn lalwa ap suiv li piske lalwa gen yon jan li deja tabli pou koze yo regle.

Nan tan lontan, nan mitan chak fanmi, manm fanmi yo (ki vle di papa, manman, timoun, granmoun, tonton, matant elatriye) te òganize tèt yo fason pa yo. Se konsa gen fanmi kote moun ki pi granmoun nan si li ki te dirije. Gen lòt kote se te gason, kit li piti kit li gran, gason senpman ki te gen dwa bay dizon li. Lè lalwa te vin foure bouch li nan òganizasyon fanmi yo, se te yon fason pou tout bagay te fèt dapre menm modèl la e konsa, pou l te mete amoni nan kominote yo.

Pawòl la pale konsa tou pou pèsonn moun pa di “Si m te konnen”. Kidonk li nesèsè, li enpòtan anpil, pou chak moun chache konnen fason lalwa antre nan vi yo.

Se wòl fomasyon sa a vle genyen: pèmèt tout moun konnen kondisyon lalwa mete nan jan y ap òganize fanmi yo.

## PREMYE PATI

### CHAPANT LAFANMI

Moun ki sou tè a, k ap viv ansanm, kapab fè fanmi ansanm. Lè yo pale de fanmi, dapre lalwa, gen de (2) gwo koze ki parèt: se *maryaj*, se *Filyasyon* (zafè fè timoun), gen yon lòt koze ki parèt tou se zafè *divòs* ki vle di lè maryaj la kraze, finisman maryaj la. Nou te chwazi fè yon ti silans sou dènye koze sa a yon fason pou pèmèt koze "amoni fanmi a" byen chita.

Fanmi konn gen lòt chapant tou, yo konn chita sou lòt baz ki pa maryaj, lòt baz lalwa pa rekonèt. Men li bon pou tout moun konnen chapant yon fanmi ka pran, yon fason pou suiv fanmi an pi byen nan chimen lalwa.

#### I.- MARYAJ

Lè de (2) moun, yon gason ak yon fi, mete tèt yo ansanm pou yo fòme yon fanmi, si yo vle lalwa rekonèt tèt ansanm sa a, fòk yo marye. Lè sa a, volonte pa yo senpman pa sifi paske lalwa gen pawòl pa l pou l di nan koze a. Kidonk lalwa gen yon seri mezi li tabli sou koze maryaj la ki fèt pou respekte.

##### A.- *Kondisyon pou yon maryaj fèt*

a.- Fòk se yon fi ak yon gason ki marye.

Maryaj la fèt pou l tabli yon fanmi kote de moun ki marye yo se yon fi ak yon gason.

##### b.- *Fòk moun yo dakò marye youn ak lòt.*

Pèsonn moun, menm manman ak papa li, pa gen dwa fòse yon moun marye. Maryaj se yon zak yon moun dwe poze ak tout konsyans li, ak konsantman pa l.

*c.- Fòk moun yo majè.*

Yon ti fi oswa yon ti gason ki pa ko fòmè, pa ka marye, maryaj se baz fanmi an, de (2) timoun pa ka fòmè yon fanmi.

Nan peyi Dayiti yon moun majè, lè li fin gen 18 an poutan nan zafè maryaj gen yon majorite spesyal yo rele majorite matrimonyal. Majorite matrimonyal la vle di pou yon fi ak yon gason marye, fòk fi a gen plis ke 21 an e fòk gason an li menm gen plis ke 25 an. Si de moun sa yo pa ko genyen majorite sa a, se sèlman ak akò paran yo yo ka marye e paran yo dwe siyen pou lalwa rekonèt yo dakò.

*Pou ki se pa menm laj lalwa fikse pou majorite matrimonyal fi a ak pa gason an?*

Yo eseye esplike diferans sa a etan yo di se pou pèmèt gason an, yo konsidere tankou chèf fanmi an, gen tan gen yon metye nan men l anvan li marye. Daprè moun ki te fè lwa sa a, se gason an ki pral pote lajan nan kay la.

Men an reyalite, si n ap konpare sa yon jèn fi 21 an ak sa yon gason menm laj la kapab fè, n ap wè jèn fi pi souvan kapab degaje tèt li pi byen pase gason an.

Dapre yon etid ki te fèt, yo wè valè travay yon fanm ka akonpli de fwa sa yon gason ka fè. Anplis de sa, yon fanm, depi li tou piti, apran travay epitou yo ba l abitud travay depi li jou jouk lannwit. Nan etid sa, yo te poze anpil ti keksyon tankou: Kilès ki al fè mache? k al vann? k ap kwit manje? ki fè menaj nan kay? k ap travay nan jaden? k ap bale? k al bwote dlo? k al lave larivyè? k ap okipe timoun ?

*d.- Fòk moun k ap marye yo mèt tèt yo.*

Pou yon moun marye fòk li mèt tèt li, fòk li gen tout kapasite l. Ki fè moun fou, moun entatad pa ka marye paske yo pa gen tout kapasite yo, yo pa ka regle zafè yo pou kont yo, yo pa ka bay bon jan konsantman pou yo di si yo dakò ak maryaj la oswa si yo pa dakò.

**e.- Si moun yo te marye deja, enben fòk premye maryaj la fini (disoud) kidonk fòk li pa ekziste ankò.**

Zafè gen anpil madanm nan pa nan lwa peyi a. Yo rele sa bigami (gen de madanm) oswa poligami (plizyè madanm) e lalwa kondane sa. Yon moun pa gen dwa remarye si premye maryaj li a pa ko kraze.

Se de bagay senpman ki ka kraze yon nòs.

- lanmò youn nan patnè yo.

- Divòs (lè sa a se patnè yo ki pran desizyon pou yo pa ret ansanm ankò e lè konsa gen yon pakèt fomalite lalwa mete la ki fèt pou respekte).

**f.- De (2) Moun ki fanmi pre pa ka marye youn ak lòt.**

Kidonk frè pa ka marye ak sè, papa ak pitit, tonton ak nyès, tant ak neve, bèl sè ak ansyen bò frè. Pou moun sa yo rive marye youn ak lòt, fòk yo jwenn yon otorizasyon spesyal ke sèl Prezidan Repiblik la kapab bay.


Mezi sa a la pou anpil bagay. Premyèman, se yon fason pou evite moun fè timoun ki pa fin djanm, timoun ki kokobe. Se yon fason tou pou kenbe bon jan lamoni nan fanmi pou evite twòp meli melo, chire pit etsetera...

**1.- Ki fomalite lalwa mete la pou yon maryaj fèt.**

- Fòk maryaj la fèt piblik. Fòk yo anonse maryaj la pral fèt yon fason pou mete tout moun nan kominote a okouran. Lè sa a, yo mande tout moun ki konnen yon bagay ki ka anpeche maryaj la fèt pou yo vin deklare sa la menm.

- Fòk gen de temwen, de moun majè ki pou siyen yo te asiste maryaj la, se moun sa yo yo abitye rele parenn ak marenn nòs.

- Se yon pè, yon pastè leta rekònèt oswa yon ofisyè d'eta sivil sèlman ki gen dwa marye de moun. Moun ki pral marye yo lib chwazi youn



nan moun sa yo pou fè maryaj yo. Kidonk maryaj legliz oswa nan tanp ak maryaj sivil kay ofisye d'eta sivil la gen menm valè devan lalwa. Men se ofisye d'eta sivil la sèl ki gen pouvwa devan lalwa poul drese, ki vle di ekri, ak maryaj la.

### *Ki papye de moun bezwen pou yo marye?*

- Fòk yo ka pote batistè yo. Batistè a bay bon jan enfomasyon sou moun yo; li pèmèt konnen non yo, non moun ki mete yo so tè a, laj yo ... etsetera.
- Fòk yo bay yon sètifika ki rele *sètifika prenipsyal*. Se yon setifika kote yo analize san moun ki pral marye yo, pou yo wè si san moun yo ka mele, yon fason pou evite moun yo fè timoun ki gen kèk domaj, yon fason pou mete patnè yo devan yon reyalite. Si moun yo pa gen setifika sa a, sa pa ka anpeche yo marye, men dapre lalwa, ofisye d'eta sivil ki ta enskri maryaj la nan rejis li san pa t gen sitifika a, kapab kondane pou l peye leta 100 goud.

### *2.- Anpechman pou yon maryaj fèt.*

Se pa paske de (2) moun deside marye ke maryaj la ka fèt. Dapre lalwa, gen anpil koze ki ka anpeche maryaj la fèt:

- si youn nan moun yo marye deja epi li pa ko divòse.
- si youn nan moun yo pa ka responsab tèt li (lè li fou oswa li entatad).
- si youn moun yo minè, sa vle di li poko gen 18 an, e ke fanmi li pa dakò nòs la.
- si youn nan moun yo pa ko gen majorite matrimonyal la epi li pa jwenn konsantman paran li.
- si patnè yo se bon jan fanmi, tankou frè ak sè, epi yo pa jwenn otorizasyon *espesyal* la.



Si maryaj la pa ko fèt, paran yo oswa moun maryaj la pral deranje a, kapab fè opozisyon. Lè sa a maryaj la p ap kapab selebre. Si maryaj la fin fèt, anpechman sa yo ka lakòz maryaj la anile. Lalwa tabli kèk fomalite ki fèt pou respekte lè sa a.

### 3.- *Rejim matrimonyal*

Lè de moun ap marye, yo lib pou yo chwazi fason yo pral regle koze byen yo. Yo kapab deside marye sou kontra. Lè sa a, anvan maryaj la selebre yo pral parèt devan yon notè pou yo fè deklarasyon sou jan yo deside separe tout byen yo ta ka fè pandan yo marye a. Yo ka deside ke tout byen mari a ki reyalize se pou li sèl l ap ye, p ap gen pataj, e menm bagay pou madanm nan tou. Yo rele kontra maryaj sa a: kontra separasyon byen.

Nan peyi d'Ayiti, se de fason yon moun ka marye:

#### a) *Sou kontra separasyon byen:*

Lè sa a se yon notè ki pou fè kontra maryaj sa a, anvan nòs la, an prezans de (2) patnè yo (fyanse yo) e an prezans de (2) temwen.

#### b) *Sou rejim kominote:*

Lè sa a, tout byen ki reyalize pandan maryaj la, kit se madanm nan, kit se mari a ki reyalize l ap separe egalego ant de moun yo.

De moun ki fin marye sou yon rejim pa ka janm chanje rejim matrimonyal pandan tout rès maryaj la. Lalwa di "Yo pa ka manyen yon bagay ki fin fèt".

### B.- *Ki sa maryaj chanje nan vi de moun?*

Dwa ak devwa youn genyen anvè lòt.

1.- De moun ki marye gen pou devwa pou yo fidèl youn a lòt. Fidelite a vle di yon sèl madanm, yon sèl mari. Se depi nòs la fèk ap derape

pou patnè yo respekte angajman sa a yo pran youn fas a lòt la. Ki fè fòk yo pa ankouraje kraze fidelite sa e pa di anyen sou tout chimen kwochi youn nan patnè yo ta pran. Move konpòtman sa yo pa bon pou lamoni fanmi an epitou gen gwo danje maladi moun ka trape nan relasyon sa yo ki pandye sou tèt patnè yo.

- 2.- De moun marye gen devwa pote sekou youn pou lòt lè gen pwoblèm, lè youn malad, lè afè youn pa bon. Fòk youn okipe lòt lè li pa ka travay oswa li pa jwenn travay.
- 3.- Fòk moun marye yo abite menm kote. Fòk yo chwazi ansanm ki bò yo vle rete. Men lalwa bay yon presizyon kote li di domisil fanmi an se kote mesye marye a rete. Devwa abite ansanm nan sipoze tou ke mesye marye a pa gen dwa mete madanm li deyò nan kay la.
- 4.- Fòk yo pran ansanm tout desizyon ki konsène pitit yo: avni, edikasyon ak lasante timoun yo.
- 5.- Yo fèt pou yo okipe ansanm tout byen yo ta genyen ansanm, ki fè fòk yo vann ansanm, ipoteke kay ansanm, afème kay ansanm...
- 6.- Tout byen yo reyalize pandan maryaj la, kit se gason an ki reyalize l, kit se fanm nan se pou yo toulède li ye, depi yo pa t fè kontra anvan yo marye.

Se yon dekrè lwa ki sòti 8 oktòb 1982 ki te vin bay madanm marye a menm dwa ak mesye marye a nan zafè timoun yo ak nan koze byen fanmi an. Dekrè sa a te pale senpman pou moun marye men gen de fwa patnè yo pa marye, yo fè yon fanmi nan viv ansanm nan menm kay, yo gen timoun. Lè sa a, yo di yo plase.

Lè n ap pale de plasay, nou pa pale de fanm ak gason ki fè zafè, sètadi ki pa janm abite ansanm oswa de moun ki gen relasyon men ke mesye a gen madanm deja. Nan sitiyasyon sa yo, an jeneral, gason

an pa ret ak yon sèl fanm senpman, li gen plizyè madanm, yon pakèt timoun ak plizyè fanm. Gen de fwa timoun yo pa konnen si yo gen lòt frè ak sè, si yo se fanmi.

## II.- PLASAY

Plasay n ap konsidere a, se sa yo rele konkibinaj la (an franse "Concubinage"). Se lè yon fanm ak yon gason deside viv ansanm, fè yon fanmi ansanm san yo pa pase devan ni ofisyè, ni pè, ni pastè. Kidonk san yo pa marye men tout kominote kote y ap viv la konsidere yo tankou mesye ak madanm epitou le pli souvan fanm nan vin pote non mesye a.

### A.- Pozisyon lalwa.

*Eske plasay la se yon bagay ki pa legal, sètadi ke lalwa pa rekonèt ?*

Plasay la pa konsidere tankou yon move bagay, men nan lwa peyi a ki okipè zafè lafanmi ak byen, nou pa jwenn okenn kote ki pale de plasay la.

Lwa nou genyen ki okipe zafè lafanmi ak byen nan peyi a la depi ti konkonm t ap goumen ak berejenn. Se yon lwa peyi d'Ayiti te kopye sou Lafrans san yo pa t konsidere reyalite peyi a. Depi lè a, nou pa ko janm chanje lwa sa a alòske nou konnen tou patou nan peyi a gen plis moun k ap viv nan plasay pase moun ki marye.

### B.- Pwoblèm ki poze.

Gen anpil fanmi nan peyi d'Ayiti ki tabli sou plasay la, li ta nesèsè pou lalwa peyi nou an pale sou zafè plasay la yon manyè pou pwoteje moun k ap viv nan sitiasyon sa a.

- Medam k ap viv nan plasay, ansanm ak tout timoun ki fèt nan fòm fanmi sa a, rankontre yon pakèt difikilte. Lè mesye a vin kite yo, yo

nan gwo pwoblèm; yo konn oblije kite kay kote yo te rete a, pèdi tout ti ekonomi yo te fè.

- Si youn nan patnè yo ta vin mouri pandan plasay la, moun ki rete a pèdi yon seri avantaj, sitou si yo pa t gen pitit ansanm.
- Pou timoun ki fèt nan plasay la pote non papa yo, fòk se papa a menm ki al fè demach pou sa. Lalwa pa pèmèt fanm nan, menm si l ap viv ak mesye a depi kèk ane, al fè batistè timoun nan san pwoblèm sou non mesye a. Se rezon sa a ki fè nou jwenn souvan nan yon menm fanmi gen timoun ki pòt non papa yo, gen lòt ki pot non manman an; gen de fwa se yon kont papa a gen ak manman epi li pa al fè batistè timoun nan, gen de fwa se neglijan.
- Se nan zafè byen de moun ki plase jwenn plis pwoblèm. Lè de moun plase, yon byen yo fè ansanm e ki pa sou non ni fanm nan ni gason an, p ap separe egalego. Sa ki konn rive, pi souvan, se kòb ak travay tou de moun yo ki fè byen yo, men se konn non gason an senpman ki sou byen an e lè plasay la vin kraze fanm nan pa gen anyen nan byen sa yo, malgre li te patisipe nan fè yo. Fòk medam plase yo ta toujou veye pou non yo parèt nan tout byen yo fè ak patnè yo, yon fason pou yo pa pèdi nè.

Anpil moun pa marye poutèt pwoblèm ekonomik, sosyete kote y ap viv la mete yon pakèt presyon sou do yo piske yo gade yo mal si yo pa fè gwo depans resepsyon pou nòs la, mete rad lamarye. Lè patnè yo pa gen kòb, yo pito viv nan plasay pase yo fè yon ti nòs. Gen anpil lòt rezon ki fè de moun k ap viv ansanm, ki gen yon fanmi ansanm, pa marye. Men tout fanmi se fanmi. Tout fanmi dwe jwenn proteksyon lalwa, yon mannyè pou pwoteje manm li yo, ki vle di maman an, papa a ak timoun yo.

## DEZYEM PATI

### FILYASYON - ZAFE FE PITIT

Desizyon fè yon timoun, se yon desizyon enpòtan pou yon moun pran, paske timoun sa a pral chanje vi li. Ak nesans timoun nan, moun nan ap vin gen fanmi pa l, l ap vin gen yon seri lòt devwa pou l akonpli, l ap vin gen yon seri lòt dwa. Sityasyon yon moun ki gen pitit ak yon moun ki pa gen pitit pa menm devan lalwa.

Pou yon timoun fèt fòk gen yon fanm ak yon gason, ki fè tout timoun gen yon papa ak yon manman. Sityasyon yon timoun devan lalwa ap depann de sityasyon maman l ak papa l devan lwa sa a. Relasyon yon timoun ak moun ki mete l sou tè a, lalwa ba l non: Filyasyon.

Koze fè pitit la se yon kozè ki mande reflechi anpil. Li ta bon, anvan yon moun deside fè yon timoun, pou l konnen tout konsekans sa ap gen nan lavi l ak nan lavi timoun nan, yon manyè pou l pran bon jan desizyon.

#### I.- FILYASYON

Filyasyon an, se kòd lonbrit ki mare yon timoun ak moun ki fè l yo: mamman l ak papa l.

Nan lalwa peyi d'Ayiti gen twa kategori filyasyon. Kidonk gen twa kategori timoun:

- A - timoun lejitim
- B - timoun natirèl
- C - timoun adopte

#### A.- *Timoun lejitim*

- 1.- Se timoun ki fèt pandan manman l ak papa l marye.
- 2.- Se timoun ki te nan vant pandan maryaj paran l yo, menm si maryaj la disoud, sa vle di kase, avan timoun nan fèt, swa paske mesye marye a vin mouri, swa paske paran yo deside divòse.

- 3.- Se timoun ki fèt avan maryaj, men papa l ak manman l vin marye an apre yo lejitime l. Timoun sa a vin timoun lejitim akòz maryaj maman l ak papa l.

Pawòl lejitimasyon an mande pou nou fè yon ti chita sou li. Nou konn tande, de fwa, moun ki pral marye ap fòse fyansè yo pou yo mete pitit yo ta gen anvan maryaj la sou ak maryaj yo menm si timoun sa yo pa pitit fyansè a tout bon vre. Medam yo sitou konn sibi anpil presyon de patnè yo ki fòse yo fè zak sa a. An jeneral, fanm nan, paske li pè pèdi nòs la oswa li pa ta renmen fè patnè a fache, asepte pou yo mete sou ak maryaj li tout timoun mari l te gen anvan maryaj la san timoun sa yo pa timoun ki sòti nan vant pa l.

Se yon move enfòmasyon ni fanm nan ni mari a genyen sou lalwa ki regle zafè timoun ki lakòz yo poze move ak sa a. Lè sa a, moun k ap marye yo oblije bay ofisye d'eta sivil k ap fè ak maryaj la move enfòmasyon, yo oblije bay manti lè yo deklare fanm k ap marye a se li ki manman timoun sa yo. Manti sa a lakòz yon pakèt pwoblèm pi devan nan lavi moun sa yo, paske souvan vre manman timoun sa yo vivan epitou timoun sa yo konn gen batistè deja kote yo ka jwenn non vre manman yo.

Manti sa pa gen itilite paske jan nou pral wè pi devan ke tout timoun ki fèt anvan maryaj se timoun ki gen menm dwa ak timoun ki fèt nan maryaj.

- 4.- Timoun lejitim se timoun yon madan marye fè menm si pitit sa a pa pitit mari li tout bon vre. Lalwa konsidere pitit sa a tankou pitit mari a paske yo sipoze yon fanm marye se ak mari l senpman li ta ka fè pitit. Lalwa te di sa paske li konnen yon fanm marye se ak mari l pou l rete, pou l abite epitou li dwe fidèl a mari a.

Poutan lalwa pèmet mari a di pitit sa a pa pou li e prevwa yon pakèt fomalite pou l fè pou sa:

- a) Fòk li bay prèv depi 300 jou jouk 180 jou avan pitit la fèt, li pa t kapab an kontak ak madanm li, swa paske li pa t nan peyi a, swa paske li te gen yon aksidan grav ki te anpeche l gen kontak ak madanm li pandan tan sa a. Menm si mari a bay prèv li gen ti pwoblèm fizik ki anpeche l gen timoun, lalwa pa pèmet li rejte timoun sa a.
- b) Si madanm nan te ansent depi anvan maryaj e ke mari a te okouran, si madanm nan rive akouche avan 180èm jou maryaj la, mari a pa kapab di pitit sa a pa pou li.

Tout demach sa yo, mari a gen yon mwa aprè nesans timoun nan pou l fè yo si li an Ayiti; li gen 2 mwa si l aletranje; si li pa t okouran de gwosès la, li gen delè 2 mwa apati dat li vin aprann koze a pou l deklare pitit la pa pou li. Aksyon deklare yon timoun pa pou ou a rele "Dezave Patènite". Si mari a kite delè sa yo pase, li pa kapab di pitit sa a se pa pou li.

## B.- Timoun natirèl

Gen plizyè kategori timoun natirèl

### 1.- Timoun natirèl senp

se timoun ki fèt etan tou de (2) paran l yo pa marye. Timoun sa a pote non manman l oswa non papa li depi papa a vle rekonèt li.

Papa yon timoun natirèl senp gen dwa rekonèt timoun sa a nenpòt ki lè, li pa gen delè pou sa. Menm si papa a ta vin marye an apre ak yon lòt fanm, san li pa t rekonèt timoun nan, maryaj la pa ka anpeche l rekonèt tout timoun li te fè anvan. Sa pa vle di timoun sa yo vin lejitim, yo rete timoun natirèl ki vin pote non papa yo men yo vin gen menm dwa ak timoun papa a ta fè ak madanm marye l.

Sa konn rive maman yon timoun natirèl fin elve pitit li pou kò l san papa a pa janm gade timoun nan menm, epi lè timoun nan kòmanse ap fè bèl bagay, lè l ap bay manman l satisfaksyon, papa a vin deside pou l rekonèt li, lè sa a manman-an pa ka di anyen sou sa depi timoun nan minè toujou (li gen mwens ke 18 an). Lalwa pa pèmèt manman an di li pa vle rekonesans an reta sa a.

### *Ki sitiyasyon yon timoun natirèl devan byen papa l?*

An 1944, yo vin retire yon gwo diferans ki te genyen ant timoun natirèl ak timoun lejitim.

Anvan sa timoun natirèl pa t kapab reklame menm dwa ak timoun lejitim yo. Lè papa yon timoun natirèl mouri, si mesye a te gen timoun lejitim tou, enben timoun lejitim nan ap sot ak plis byen, timoun natirèl la se 1/3 sa timoun lejitim nan genyen pou l te erite. Timoun natirèl la pa t gen dwa chache konnen kilès ki papa l nonplis, si papa l pa t rekonèt li.

Yo te vin retire tout diskriminasyon ki te genyen sou timoun natirèl yo ak dekrè 27 janvye 1959. Koultye a timoun natirèl yo gen menm dwa ak timoun lejitim.

### *Ki sitiyasyon yon timoun natirèl ki pa pote non papa l?*

Gen plizyè rezon ki fè yon timoun natirèl pa pote non papa l. De fwa se paske manman timoun nan pa t gen yon relasyon stab ak mesye a, se yon gason li pa fin rekonèt twò byen, epitou lè li vin ansent li pa konnen ki bò pou l jwenn gason ki te ansent li a. Gen de fwa, fanm nan konn ap viv nan plasay ak mesye a, li gen yon relasyon stab ak yon gason, epitou lè timoun vin mete pye mesye a pa vle pran responsabilite l. Lè sa a, lalwa pèmèt manman pitit la al fè demach nan tribinal kote li gen pou bay prèv se ak mesye a li fè timoun nan, yon fason pou timoun nan rive pote non papa l. Fanm nan gen yon delè 2 an apre li fin akouche, oswa 2 an apre li sispann viv nan plasay ak mesye a pou l fè demach sa a. Rekonesans timoun sila a gen pou non "Rekonesans jidisyè".



Si fanm nan kite delè a pase, se lè timoun nan vin majè li ka fè demach sa a, pandan tout ane majorite a. Men rekonesans jidisyè a chaje ak pwoblèm, paske lè yon timoun ki fin majè fè demach lajistis pou fòse papa l pran responsab, li, mesye sa a ki pa t janm okipe timoun nan ap toujou degaje l pou l pa kite timoun sa a benefisye nan byen li ta genyen. Lòt gwo pwoblèm ki genyen se sou koze delè yo paske si maman an te kite delè yo pase, fòk timoun nan tann jiskaske l majè pou l fè aksyon sa a lajistis.

## 2.- Timoun natirèl adiltè

Adiltè a se lè yon moun marye al an relasyon ak yon lòt moun ki pa mari l osnon ki pa madan marye l. Lalwa konsidere adiltè tankou yon zak ki mal, ki kondanab, men kondanasyon fanm nan pa menm ak kondanasyon mesye a. Fanm yo kenbe nan adiltè kapab pran prizon. Gason yo kenbe nan adiltè a gen yon ti valè kòb senpman pou l peye.

Timoun natirèl adiltè a, se yon timoun ki fèt etan papa l marye deja ak yon lòt fanm (nou pale plis pou papa a paske fòk nou pa bliye lalwa konsidere tout timoun yon madan marye fè tankou pitit mari li). Timoun sa yo anpil nan peyi d'Ayiti paske lalwa peyi a pa prevwa okenn mwayen pou ta fè timoun adiltè a pote non papa a. Sa ki pi grav la se ke timoun sa yo pa gen anyen nan byen papa yo; lè papa a ta vin mouri, yo pa ka parèt tankou eritye. Men lalwa di tout timoun dwe jwenn mwayen pou yo viv e ke papa ak mamam tout timoun fèt pou okipe yo.

Nan peyi d'Ayiti, timoun adiltè a pa gen okenn pwoteksyon devan lalwa. Malgre lalwa di fòk paran tout timoun okipe yo, ba yo mwayen pou yo viv, voye yo lekòl etsetera, timoun adiltè a pa kapab reklame dwa sa yo nan men papa l.

Gen de fwa nou jwenn timoun ki fèt nan adiltè pote non mesye marye a ki, malgre maryaj la, al fè fo deklarasyon kay ofisyè d'eta sivil la. Ki konsekans sa ka genyen?

Gen aksyon ki ka fèt nan tribinal pou di batistè sa a li pa bon piske li fèt sou fo deklarasyon. Aksyon sa a, se moun batistè sila a deranje senpman ki ka fè l, men menm si moun ki enterese yo pa ta fè l, timoun adiltè a p ap kapab janm eritye nan byen papa a si li ta vin mouri. Lè y ap analize batistè a, y ap wè mesye a te marye toujou lè deklarasyon timoun sa a li te fèt.

Kidonk lalwa peyi d'Ayiti di anpil ak timoun adiltè. Sitiyasyon sa a pèmet anpil mesye marye gen madanm deyò, y ap fè timoun adiltè, alòske yo byen konnen yo pa gen anyen pou yo kite pou timoun sa yo, san yo pa fè tèt yo okenn obligasyon pou yo okipe timoun sa yo.

### 3.- Timoun natirèl ensès.

Gen ensès lè 2 moun ki fanmi byen pre fè pitit ansanm. Tankou pa ekzanp: irè ak sè, papa ak pitit, tonton ak nyès, oswa de moun lalwa met anpechman pou yo marye.

Yo abitye rele timoun natirèl ensès yo "timoun ras kabrit", se timoun granmoun wont di orijin yo. Timoun sa yo gen pwoblèm tout vi yo; anpil fwa, se yon lòt moun ki ba yo batistè, moun yo al fè fo deklarasyon ka ofisyè, yon fason pou non bon paran timoun sa a pa parèt. Epitou gen gwo chans pou timoun nan sot kokobe, oswa pou l sòt ak yon domaj paske san paran l yo pre anpil. Nou konnen nan sosyete n ap viv la, timoun ki fèt ak domaj sa yo, an jeneral, se timoun yo neglije, yo pa okipe l menm, souvan yo pa pran ka l.

Ki fè zafè fè pitit gen yon gwo enpòtans sou avni timoun nan. Yon fanm pa ta dwe aksepte fè timoun nan nenpòt ki kondisyon, li ta nesèsè pou medam yo reflechi byen anvan yo fè timoun yon fason pou yo pa mete yon timoun nan yon sitiyasyon ki ka bay timoun nan pwoblèm, ki ka anpeche l devlope byen.

### C.- Timoun adopte

Sa konn rive ke de moun ki vle fè yon fanmi ansanm pa rive fè pitit paske gen youn nan patnè yo oswa toulède ki steril, sa vle di, ki gen kèk pwoblèm ki anpeche yo fè pitit. Pou gason ak fanm sa yo gen timoun pou yo elve lalwa pèmèt yo fè adopsyon.

Adopsyon se lè yon moun rekonèt yon timoun ki pa sòti nan vant li kòm pwòp pitit li; pitit sa a vin pote pwòp non pa l. Yon moun ki adopte yon timoun fèt pou l renmen timoun sa a, okipe l, ba l afeksyon tankou se te timoun ki sòti nan vant li. Ki fè timoun adopte se timoun ki pa vre pitit moun ki vle adopte l yo tout bon vre.

Timoun sa a vin gen menm dwa ak yon timoun lejitim, li vin pote non moun ki adopte l la. Yo ka adopte nenpòt ki timoun, kit se timoun natirèl, kit li lejitim, kit se timoun ki san fanmi, timoun yo abandone. Lalwa tabli yon pakèt fomalite pou moun ki vle adopte yon timoun suiv. Men kèk ladan yo:

- Fòk timoun yo deside adopte a pa ko gen 16 an.
- Si de moun k ap fè adopsyon an marye, fòk yo gen plis pase dis (10) an maryaj epitou fòk yo pa t fè pitit pandan tan sa a.
- Fòk adpotan yo, sa vle di moun ki vlè fè adopsyon an, gen 19 an anplis timoun y ap adopte a, diferans laj la ap desann rive 10 an si timoun nan se pitit mari a madanm nan ap adopte oswa se pitit madanm nan mari a ap adopte.
- Si paran timoun yo vle adopte a divòse, fòk se moun ki gen gad timoun nan sa vle di moun ki ak timoun nan toulèjou a ki pou bay dizon li, men si lòt paran an pa dakò tribinal ap oblije tande ka a.
- Si manman ak papa timoun y ap adopte a vivan, fòk tou lè de bay dizon yo pou adopsyon an fèt.

## KÒMANTÈ

Timoun nan ke l lejitim, natirèl oswa adopte, li se yon moun ki merite respè. Se depi yon moun fèt, li gen yon seri dwa, sa yo rele dwa natirèl yo, tankou dwa pou l viv, dwa pou l manje etsetera. Dwa natirèl tout moun fèt pou respekte san moun sa a pa gen okenn demach pou l fè pou sa. Men bagay la pa fèt konsa. Toupatou nan lemond, moun ap goumen pou dwa natirèl yo respekte. Timoun yo, paske yo pi piti, pi fèb, viktim anpil. Nan peyi d'Ayiti, pa ko gen yon Kòd Lafanmi spesyal, yon liv kote ou ka jwenn tout lwa ki okipe zafè fanmi, ki okipe zafè timoun yo. Gen senpman kèk moso nan kòd sivil peyi a ki pale sou zafè timoun yo.

Li enpòtan pou manman ak papa tout timoun peyi d'Ayiti konnen dwa ak devwa yo anvè pitit yo, epitou respekte dwa ak devwa sa yo.

## II- DWA AK DEVWA PARAN ENVE PITIT YO

### 1.- Dapre Konstitisyon an

Nan konstitisyon peyi d'Ayiti te vote an 1987 la, yo di fòk manman ak papa timoun yo renmen yo, ba yo afeksyon, chache konprann timoun yo, pran ka yo, ba yo tout swen y ap bezwen.

Yo di tou fòk tout timoun rekonèt kilès ki papa yo, fòk yo fè rechèch pou dekouvri kilès gason ki papa yon timoun (atik 261 Konstitisyon an). Mezi sa a konstitisyon an prevwa a nesèsè anpil, li vin kore yon dekrè ki te soti an 1944 ki te bay tout timoun dwa pou yo te konnen kilès ki papa yo. Avan, demach sa a pa t posib paske kòd sivil la te di rechèch papa yon timoun natirèl se yon bagay lalwa pa pèmèt.

### 2.- Nan Kòd sivil

Jan lwa peyi a, k ap okipe zafè moun, lafanmi ak byen, ye koulye a, li plis pale sou dwa paran genyen sou timoun yo pase li pale sou devwa. Youn nan pawòl ki di kanmenm ladan an favè timoun yo se: Tout

paran yo gen obligasyon pou pwoteje sante pitit li, ba li bon jan sekirite, okipe l, ba l manje pou l viv, okipe byen timoun nan ta ka genyen.

Nou jwenn tou lalwa bay paran ki pa kontan konpòtman yon timoun pouvwa pou l mennen timoun sa a nan sant ki okipe timoun delenkan, timoun k ap fè sa k pa sa pou fè korije l.

Paran yo ka fè fèmèn timoun nan pou 6 mwa pou pi plis. Sa ki pi rèd la, pa gen gwo fòmalitye pou fè lè sa a, paran yo responsab senpman pou voye manje bay timoun nan.

### 3.- Nan Kòd penal.

Lwa ki okipe kondane tout zak ki pa sa yo di, yon papa, yon manman oswa yon moun ki responsab yon timoun ki ankouraje timoun nan nan movèz vi, ap kondane pou yo pase de yon (1) ane rive twa (3) ane prizon. Anplis de sa, granmoun sa yo ap pèdi tout dwa lalwa ba yo sou timoun nan ak sou byen timoun nan ta genyen.

Nan menm zafè penal la, yo di tout paran timoun minè oswa moun ki responsab yon timoun dwe voye l lekòl. Si otorite ki la pou sa yo konstate paran yo oswa moun responsab timoun nan pa voye l lekòl, y ap kondane koupab sa a pou l peye leta soti 10 goud rive 5.000 goud amann osnon l ap pran prizon soti 2 mwa rive 12 mwa (yon ane).

### 4.- Zafè entènasyonal (Sa ki konsène tout peyi)

Plizyè peyi te reyini pou yo pran yon seri desizyon sou zafè timoun yon fason pou tout moun an jeneral rekonèt dwa timoun yo epitou respekte dwa sa yo. Yo te di timoun se moun, menm jan ak granmoun e yo gen dwa tou, men timoun yo, paske yo piti, yo bezwen yon pwoteksyon spesyal e yo te mete chita yon akò yo rele "*Konvansyon sou dwa timoun*".

## Konvansyon sou dwa Timoun

Se konsa peyi Dayiti te di li dakò ak desizyon sa a etan li siyen pou konvansyon sou dwa timoun, kote li pran tou angajman pou l respekte konvansyon sila a. Anplis de sa pou akò sa a vin tounen yon lwa pou tout moun kap viv nan peyi Dayiti genyen pou yo respekte l, dekrè kote peyi Dayiti di li dakò ak akò a parèt sou journal ofisyèl peyi Dayiti yo rele "Le Moniteur".

Kidonk depi dekrè a fin parèt nan "Le Moniteur" paran timoun peyi Dayiti yo, fèt pou respekte konvansyon sa a tankou sete lwa peyi yo.

*Ki sa nou jwenn nan konvansyon an.*

- Nou jwenn fòk paran pwoteje lavi timoun nan, depi l nan vant jouk li fin fèt.
- Pou yo pa fè diferans ant ti fi ak ti gason, fòk youn pa pase anvan lòt.
- Fòk yo ba li yon batistè, pou l gen yon fason yo rele l, yon siyati, yon non; non sa a gen tout enpò ans li, li pèmèt timoun nan rekònèt tèt li tankou moun.
- Paran pa dwe fè neglijanans nan zafè lasante pitit yo. Fòk yo mennen l wè doktè, mennen l nan sant sante oswa lopital.
- Fòk li jwenn bon jan ledikasyon; kit li se ti fi kit li se ti gason, fòk paran yo voye'l lekòl. Aprann li respekte moun, respekte kote l ap viv la etan yo ba li bon jan ekzanp.
- Timoun nan dwe jwenn pwoteksyon paran l nan zafè travay; yo pa dwe kite yon timoun fè travay ki pa laj li, oswa kite l travay twòp. Fòk li gen tan pou li jwe.
- Timoun nan merite pou yo ba li pinisyon men zafè move tretman (kraze zo, bay baton, kite mak sou kò, kadejak, abi elatriye) se bagay ki pou disparèt.

- Yon timoun dwe jwenn okazyon pou l viv ak fanmi l, pou l rekonèt tout kòt fanmi l yon fason pou l devlope byen.
- Pou ede l vin yon sitwayen konsekan demen, fòk paran yo kite l pale, pa pe bouch li lè l ap bay opinyon l, ba li chans pou l di sa l panse, ba l libete pou l bay dizon l.
- Rive yon laj paran yo dwe fè l konnen desizyon y ap pran nan zafè ki konsène l.

**B.- Men nou konnen kote gen dwa gen devwa, kifè timoun yo gen devwa envè paran yo tou.**

- Timoun yo dwe respekte paran yo, yo fèt pou yo koute konsèy yo.
- Timoun yo fèt pou di paran yo laverite.
- Lè paran yo fin granmoun, timoun yo dwe pwoteje yo, pran swen yo, okipe yo, voye yo kay doktè lè yo malad.

## KONKLIZYON

Lalwa peyi d'Ayiti gen anpil koze li pa ko antre fon ladan yo. Lwa yo merite yon bon pase men. Men lè n ap obsève byen n a wè sa ki pi enpòtan se pa lwa yo senpman, se konpòtman chak moun nan mitan fanmi yo.

Pou fanmi an viv an amoni, kit se fanmi ki tabli sou maryaj, kit se sou plasay, sa ki konte se respè chak manm li yo genyen youn pou lòt. Se respè mesye a pou madanm li, madanm nan pou mari l, timoun yo pou granmoun yo, paran yo pou pitit yo. Se pou tout moun nan fanmi an aprann wòl yo, devwa yo ak dwa yo, yon fason pou chay la pa tonbe sou do yon sèl kategori moun.

Lè tout diskriminasyon ki gen nan mitan fanmmi an va disparèt, diskriminasyon ki gen nan sosyete a va disparèt.





## EVALYASYON

- 1.- *Ki sa maryaj la ye?*
- 2.- *Eske yon tonton ka marye ak nyès li? Pou ki sa dapre ou menm?*
- 3.- *Ki sa yon kontra maryaj ye?*
- 4.- *Ki diferans ki genyen nan lalwa ant yon fanm ki marye ak yon fanm k ap viv nan plasay?*
- 5.- *Ki dwa de moun ki marye genyen? Ki devwa yo genyen youn anvwè lòt?*
- 6.- *Si yon mesye marye fè yon timoun ak yon lòt fi alòske li pa divòse ak madanm li, menm si madanm marye a dakò, eske li ka rekonèt timoun sa a?*
- 7.- *Si yon mesye marye fè yon timoun deyò, lè madanm marye li vin mouri eske li ka rekonèt timoun sa a?*
- 8.- *Ki sitiyasyon yon timoun adiltè dapre lalwa peyi Dayiti? Ki pwoblèm sa poze?*
- 9.- *Kisa yo rele lejitimasyon?*
- 10.- *Eske paran yo gen devwa anvwè timoun yo? Bay kèk ekzanp?*

